

**MEKARKEUN PANGAJARAN KAPARIGELAN
NGAGUNAKEUN BASA**

MAKALAH

didugikeun dina acara pengabdian pada masyarakat di Pangandaran,
Sabtu 31 Januari 2009

Ku

Dr. Hj. Nunuy Nurjanah, M.Pd.

131932641

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI
IUNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA
2009**

MEKARKEUN PANGAJARAN KAPARIGELAN NGAGUNAKEUN BASA

Pangajaran basa ngawengku aspek maca, ngaregepkeun, nulis, jeung nyarita. Maca jeung ngaregepkeun mangrupa aspek pemahaman (reseptif aktif), ari nulis jeung nyarita mangrupa *aspek penggunaan* (produktif aktif).

Eta komponen basa nu opat teh kudu diajarkeun sing saimbang. Malah bakal leuwih hade lamun dina prakna ngajar teh gumulung ngahiji.

Upamana: ngaregepkeun - nyarita - maca - nulis

Atawa : nulis-nyarita-maca-ngaregepkeun

1. NGAREGEPKEUN

Hal-hal nu baris dipedar dina ngaregepkeun nya eta: 1) wangenan ngaregepkeun, 2) mangpaat ngaregepkeun, 3) tahap-tahap ngaregepkeun, 4) faktor-faktor anu mangaruhan kualitas ngaregepkeun, 5) panta-panta ngaregepkeun, 6) padika ngaronjatkeun kualitas ngaregepkeun, jeung 7) warna-warna ngaregepkeun.

i

1.1 Wangenan Ngaregepkeun

Harti ngaregepkeun beda jeung ngadenge. Ari ngadenge mah sok dianggap ukur proses fisiologis, ti mimiti datangna sora kana kekendangan. Proses ngadenge mah lumangsung otomatis, lain karana usaha. Tapi, ari ngaregepkeun mah mangrupa ka-giatan anu dihaja. Ngaregepkeun ngandung harti ngabandingan enya-nya. Sarua hartina jeung *menyimak* (Ind.) atawa *listening* (Ing.).

Ngaregepkeun oge disebut kaparigelan reseptif aktif, sabab dina ngaregepkeun, lian ti narima, oge aya proses aktif nyaeta dina ngaidentifikasi sora, nyangkem, jeung napsirkeun informasi anu katarima. Ku kituna, bisa dicindekkeun yen ngaregepkeun teh mangrupa hiji proses mental anu teleb tur daria, ti mimiti misah-misah, ngaidentifikasi, ngaranjing-ranjing, ngabanding-banding, nafsiran, nyarungsum, nepi ka ngaintrofeksina.

1.2 Mangpaat Ngaregepkeun

Pamaksudan jalma dina ngaregepkeun rupa-rupa, upamana wae kalawan maksud diajar, pikeun hiburan, pikeun kasopanan, meunang kauntungan, ngabangbalerkeun rasa bosen, ngabanding-banding pamanggih, nambahan pangarti, panasaran ku perkara nu lianjste.

Upama dipasing-pasing mah, fungsi atawa mangpaat ngaregepkeun teh bisa digolongkeun jadi opat rupa, nyaeta:

- 1) meunangkeun informasi nu aya patalina jeung pancen atawa pagawean;
- 2) leuwih efektif dina hubungan papada jalma;
- 3) ngumpulkeun data sangkan bisa nyieun kaputusan anu sahade-hadena;
- 4) bisa ngarespon kalawan merenah kana naon anu kadenge.

1.3 Tahap-tahap Ngaregepkeun

Tadi geus disebutkeun yen ngaregepkeun teh mangrupa proses, sabab dina ngaregepkeun aya sawatara tahap anu dilaksanakeun.

1. *Misah-misahkeun*

Dina tahap ieu sakur anu dilisankeun ku nu keur cacarita teh dipulungan hiji-hiji atawa sarupa-sarupa; kecap-kecap, gagasan, fakta, susunan, atawa naon wae anu kawilang istimewa, dipi-sah-pisahkeun.

2. *Identifikasi*

Sakur anu kawilang istimewa tea sabada diinget-inget deui, tuluy dihartian atawa diidentifikasi.

3. *Ngaranjing-ranjing*

Sakur anu katangkep ku pangrungu teh diranjing-ranjing jeung informasi sejen anu geus nyampak. Ku lantaran kitu, tahapan pangaweruh (umum) anu geus kapimilik ku urang teh pohara pentingna.

4. *Ngabanding-banding*

Dina tahap ieu informasi anyar teh dibanding-banding jeung nu geus kapimilik. Ieu proses lumangsung lamun informasi anyar teh luyu atawa ngadeudeul pamahaman ti heula. Dina henteuna, tuluy dipilih, informasi mana anu leuwih keuna atawa leuwih merenah.

5. *Napsirkeun*

Dina tahap ieu, urang teh mimiti aktif ngaevaluasi sakur anu katarima jeung ti mana asalna, nolak atawa narima, nimbang-nimbang.

6. *Nyarungsum*

Dina tahap ieu, urang teh ngalengkepan atawa ngeusian wincikan poko-poko pedaran ku data atawa gagasan anu sipatna nandeskeun, tina kakayaan pangaweruh urang sorangan.

7. *Introspeksi*

Sajeroning mihak-mihak jeung ngabanding-banding informasi anyar tea, bari nyoba-nyoba dilarapkeun kana kaayaan dirina sorangan.

1.4 Faktor-faktor nu Mangaruhan Kualitas Ngaregepkeun

Paling saeutik aya lima rupa anu mangaruhan kualitas ngaregepkeun.

1. *Tanggung (sikap, attitude)*

Leuwih saregep ngabandingan jejer pedaran anu cocog jeung diri urang. Dina teu cocog, teu panuju, sok ngolembar, komo upama eusi pedaran papalingpang mah.

2. *Karep (motivation)*

Sajeroning ngaregepkeun teh dibarengan ku sistem nilai ajén-inajén urang sorangan. Dina rea pulunganeunana, biasana sok beuki saregep. Sabalikna, upama hate geus teu merean, pedah asa teu aya pulunganeunana, bakal ngalantarankeun leungitna karep.

3. *Pribadi (personality)*

Diri urang sorangan mangaruhan peta ngaregepkeun. La-mun urang kagolong jalma anu resep silih pairan pamanggih, tenget, boga sifat resep nganalisis, tetelepek, jst., dina prakna ngaregepkeun teh bakal beda jeung jalma-jalma anu pasipat-anana sabalikna.

4. *Kaayaan (life situation)*

Nu dimaksud kaayaan di dieu nyaéta kaayaan sabudeureun riungan. Bakal leuwih beubeunangan di tempat anu tingtrim ti batan di tempat anu gandeng ku sora-sora nu matak ngaganggu.

5. *Pagawean (role in society)*

Pagawean oge mangaruhan kana kualitas ngaregepkeun. Contona, wartawan, mahasiswa, jst., pantes upama merlukeun tingkat kualitas ngaregepkeun anu leuwih luhur lantaran pang-jurung pagawean atawa tugasna.

1.5 Panta-panta Ngaregepkeun

Faktor-faktor anu mangaruhan ngaregepkeun teh loba pisan. Ku kituna, kualitasna oge tangtu rupa-rupa. Di handap ieu baris diwincik panta-panta ngaregepkeun, nyaeta:

- 1) ngan ukur ngadenge sora, kecap-kecap kalimah wungkul;
- 2) pegat-pegat, pikiran mindeng kaselang ku nu lian;
- 3) nu diregepkeun teh dijojoan, sakur anu sakirana bakal dirina;
- 4) ngaregepkeun bari pasif, teu pati atawa samasakali teu tembong rasa kahudang;
- 5) kurang imeut, rea bagian penting anu teu katangkep, sare-gepna teh ukur lebah bagian-bagian anu geus wanoh sarta cohag jeung dirina;
- 6) saregep, bari ngabanding-banding jeung hal-hal anu aya pa-talina, tina pangalaman sorangan;
- 7) saregep, bari merenahkeun babaran carita, mana anu poko, mana anu sipatna pertelaan;
- 8) saregep, bari kritis, panasaran ku bukti-bukti.

1.6 Padika Ngaronjatkeun Kualitas Ngaregepkeun

Aya sababaraha perkara anu mangrupa padika ngaronjat-keun kualitas ngaregepkeun di antarana:

- 1) daek mekarkeun karep jeung pangaresep, ngaregepkeun;
- 2) tmngkatkeun kabiasaan ngabandungan kalawan saregep;
- 3) tumplekkeun perhatian sagemblengna;
- 4) ulah waka ngaevaluasi;
- 5) tengetan kumaha gagasan-gagasanana jeung naon eusina;
- 6) mangpaatkeun mikir nu gancang;
- 7) gunakeun lolongkrang waktu.

1.7 Warna-warna Ngaregepkeun

Ngaregepkeun dibagi dua:

- a. Ngaregepkeun Ekstensif — (hiji proses ngaregepkeun anu teu dirancang)
- b. Ngaregepkeun Intensif (Hiji proses ngaregepkeun anu geus dirancang)

Ngaregepkeun ekstensif dibagi deui jadi:

- 1) Sosial (lumangsung di sabudeureunana)
- 2) Sekunder (lumangsung di kulawarga)
- 3) Estetik (aya patalina jeung rasa endah)
- 4) Pasif (bari acuh; diacuhkeun)

Ari ngaregepkeun intensif dibagi deui jadi:

- 1) Kritis (pikeun nimbulkeun reaksi)
- 2) Eksploratif (pikeun ngagali nepi kamana proses kajadian anu diregepkeun teh)
- 3) Interogatif (pikeun nanya-keun deui)
- 4) Selektif (pikeun milih)
- 5) Kreatif (pikeun nimbulkeun kahayang/ kreatif)
- 6) Konsentratif (pikeun nimbulkeun kadariaan).

Lamun dibagankeun, warna-warna ngaregepkeun teh saperti kieu.



1.8 Pangajaran Ngaregepkeun di Sakola Dasar

Upama dititinan, pangajaran ngaregepkeun teh geus kudu dibikeun ti kelas hiji keneh. Dina *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (2007)* disebutkeun yen Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD) pembelajaran ngaregepkeun di Sakola Dasar saperti kieu:

Kls	Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
I	1.1 Mampu memahami dan menanggapi bunyi bahasa (<i>sora basa</i>), perintah (<i>parentah</i>) sederhana, perbuatan, dan dongeng yang dilisankan.	1.1.1 Membedakan bunyi bahasa Sunda 1.1.2 Melakukan perintah sederhana 1.1.3 Menanggapi dengan perbuatan 1.1.4 Memahami isi dongeng
2	2.1 Mampu memahami dan menanggapi wacana lisan dengan menyimak tata tertib, penjelasan, dongeng, dan kakawihan.	2.1.1 Menyimak tatacara atau tata tertib belajar 2.1.2 Menyimak penjelasan tentang cara hidup sehat 2.1.3 Menyimak dongeng 2.1.4 Menyimak <i>kakawihan</i>
3	3.1 Mampu memahami dan menanggapi wacana lisan melalui menyimak bahasan, dongeng fabel, dan kakawihan.	3.1.1 Menyimak bahasan tentang kesehatan dan makanan 3.1.2 Menyimak bahasan tentang kebersihan dan pakaian 3.1.3 Menyimak dongeng fabel (<i>dongeng sato</i>) 3.1.4 Menyimak <i>kakawihan</i>
4	4.1 Mampu memahami dan menanggapi wacana lisan melalui menyimak pengumuman (<i>bewara</i>), dongeng, dan guguritan.	4.1.1 Menyimak pengumuman 4.1.2 Menyimak dongeng 4.1.3 Menyimak <i>guguritan</i>
5	5.1 Mampu memahami dan menanggapi wacana lisan melalui menyimak penjelasan, pesan, dan dongeng.	5.1.1 Menyimak penjelasan dari nara sumber 5.1.2 Menyimak pesan lewat tatap muka atau telepon 5.1.3 Menyimak dongeng
6	6.1 Mampu memahami dan menanggapi wacana lisan melalui menyimak nasihat, berita radio/televisi, dan dongeng.	6.1.1 Menyimak nasihat 6.1.2 Menyimak berita radio/TV 6.1.3 Menyimak dongeng

2. NYARITA

Aya genep hal anu baris dipedar dina nyarita nya eta:

- 1) wangenan nyarita;
- 2) unsur-unsur nyarita;
- 3) proses lumangsungna nyarita;
- 4) metode nyarita;
- 5) pangajaran nyarita di Sakola Dasar.

2.1 Wangenan Nyarita

Nyarita mangrupa salah sahiji kaparigelan makena basa anu sifatna produktif aktif. Hakekatna nyarita teh mangrupa hiji proses komunikasi. Ari komunikasi nyaeta hiji proses min-dahkeun amanat (eusi hate, ide) ti nu nyarita ka nu diajak nyarita.

Tina katerangan di luhur, bisa disebutkeun yen nyarita teh nyaeta hiji peristiwa nepikeun amanah (ide, gagasan, eusi hate) ti nu nyarita ka nu sejen (nu diajak nyarita) (nepi ka bisa pikahartieun) nepi ka naon anu ditepikeun teh matak pikahartieun ku nu diajak nyarita.


Tina wangenan ge bisa kagambar yen dina proses lumangsungna nyarita teh aya unsur-unsurna. Upama dititinan, aya lima unsur dina nyarita nyaeta:

- 1) gagasan utama anu jadi jejer pedaran;
- 2) gaya atawa basa anu digunakeun;
- 3) susunan atawa entep seureuhna gagasan-gagasan;
- 4) kumaha cara midangkeunana; jeung
- 5) kamampuh nalar.

2.3 Proses Lumangsungna Nyarita

Dina kanyataanana lumangsungna nyarita teh bisa disebutkeun dua rupa. Kahiji, saarah (upamana: ceramah, biantara, hutbah, siaran, jste). Kadua, dua arah (upamana; ngawangkong, sawala, dialog, paguneman, seminar, wawancara, simposium, lokakarya, kongres, konfrensi, jste).

Lamun ditingkeskeun dina wangun model, lumangsungna proses komunikasi teh bisa kieu:



Tina eta model katingali yen antara nu nyarita jeung pamiarsa teh aya hubungan silih papag (*reciprocal*). Nu keur nyarita gumantung ka nu diajak nyarita dina ngaregepkeun jeung ngahartikeun pedaran.

2.4. Metode Nyarita

Anu dimaksud metode nyarita di dieu nyaeta metode nyarita hareupeun balarea dina situasi anu direncanakeun.

Aya opat metode anu bisa digunakeun dina nyarita

1) Metode improptu (ngadadak)

Sumber (nu nyarita) nyarita spontan, teu make persiapan tapi estuning dumasar kana pangaweruh, pangalaman, jeung kamampuh sorangan sabab biasana dina situasi anu didadak.

2) Metode ngapalkeun

Sumber ngarancang heula, bahan picaritaen ditulis sacere-welena tuluy diapalkeun kabehanana. Dina lumangsungna nyarita, nu cacarita nyarita dumasar kana nu diapalkeun tea. Proses samodel kieu biasana bisa ngabosenkeun, nyaritana sok gancang teuing tur kaku.

3) Metode naskah/teks

Sumber maca naskah anu geus dijieun samemehna. Ku lantaran maca, jadi teu komunikatif sabab jiga aya panghalang antara nu nyarita jeung pamiarsa. Metode ieu biasana bisa ngabosenkeun. Metode ieu teh bisa alus lamun keur dokumentasi mah.

4) Metode ekstemporan

Metode ieu mah teu make persiapan naskah tapi ukur gurat badagna/hal-hal nu penting wungkul. Ku ieu metode, nu nyarita bakal leuwih lalua nepikeun amanatna, bisa variasi, jeung aya kontak ka pamiarsa deuih.

2.5 Istilah dina Nyarita

Aya sawatara istilah anu patali jeung nyarita.

- 1) *Caramah*: pidato anu nyaritakeun hiji jejer (proses nyarita saarah; saurang nyarita pamiarsa ngadengekeun).
- 2) *Diskusi*: pertemuan ilmiah keur patukeur pikiran ngeunaan hiji masalah; sawala.
- 3) *Diskusi forum*, pertemuan keur patukeur pikiran nu leuwih bebas.
- 4) *Diskusi panel*; sawala anu dilaksanakeun ku sakelompok jelema (anu disebut panel); medar hiji topik anu jadi perha-tian masarakat di hareupeun masarakat, pamiarsa (radio), nu lalajo (TV), masarakat bisa nanya.
- 5) *Simposium*, pertemuan pikeun medar prasaran-prasaran ngeunaan hiji jejer, kumpulan korisep anu disodorkeun ku sawatara jelema dumasar pamenta panitia.
- 6) *Seminar*, pertemuan pikeun medar hiji masalah anu dipingpin ku pupuhu sidang (guru besar, ahli, jste.)
- 7) *Workshop*; sanggar latihan nyarita; tempat latihan nyarita).
- 8) *Lokakarya*; pertemuan antar para ahli (pakar) pikeun medar hiji masalah dina widangna.

2.6 Pangajaran Nyarita di Sakola Dasar

Luyu jeung pangajaran komponen basa sejenna (maca, ngaregepkeun, jeung nulis), pangajaran nyarita ge geus dibikeun ti kelas I keneh. Dina kurikulum disebutkeun SK jeung KD pangajaran nyarita saperti kieu.

Kelas	Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
1	1.2 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam meminta izin, memperkenalkan diri (ngawanohkeun), bercakap-cakap (paguneman), menyebutkan dan menerangkan gambar.	1.2.1 Meminta izin 1.2.2 Memperkenalkan diri 1.2.3 Bercakap-cakap dengan teman 1.2.4 Menyebutkan berbagai gambar benda 1.2.5 Menerangkan berbagai jenis gambar peristiwa
2	2.2 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam mengajak, berjanji, memperkenalkan, mengundang, dan bertamu.	2.2.1 Mengajak teman 2.2.2 Berjanji dengn teman 2.2.3 Memperkenalkan teman 2.2.4 Mengundang teman 2.2.5 Bertamu ke rumah teman
3	3.2 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan	3.2 1 Menyapa teman 3.2.2 Meyakinkan teman

	secara lisan dalam menyapa, meyakinkan, bercakap-cakap, dan menceritakan gambar.	3.2.3 Bercakap-cakap tentang jenis binatang 3.2.4 Bercakap-cakap tentang jenis makanan. 3.2.5 Menceritakan gambar berseri.
4	4.2 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam meminta, menegur, mengkritik atau memuji, bercakap-cakap, bercerita, dan menceritakan benda.	4.2.1 Menyampaikan permintaan 4.2.2 Menegur 4.2.3 Mengkritik atau memuji 4.2.4 Bercakap-cakap 4.2.5 Bercerita tentang kegemaran 4.2.6 Menceritakan benda di lingkungan
5	5.2 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam mendeskripsikan, berwawancara, berpendapat, menanggapi, menyimpulkan, dan memerankan.	5.2.1 Mendeskripsikan benda atau alat 5.2.2 Berwawancara dengan nara sumber 5.2.3 Menyampaikan pendapat tentang persoalan faktual 5.2.4 Menanggapi suatu persoalan atau peristiwa 5.2.5 Menyimpulkan isi percakapan 5.2.6 Memerankan drama pondok
6	6.2 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam menceritakan hasil pengamatan, membahas buku, mengeritik, berpidato, berdiskusi, dan memerankan drama.	6.2.1 Menceritakan hasil pengamatan 6.2.2 Membahas isi buku 6.2.3 Mengeritik dengan alasan 6.2.4 Berpidato (<i>biantara</i>) 6.2.5 Berdiskusi (<i>sawala</i>) 6.2.6 Memerankan drama anak-anak

Tina katerangan di luhur ebreh yen pangajaran nyarita teh sarua pentingna jeung pangajaran sejenna. Ku kituna, sawadina guru (guru basa utamana) merhatikeun pangajaran komponen basa di luhur sangkan murid-muridna leuwih bener dina proses diajarna. Saperti anu geus digembor-gemborkeun ku pamarentah ngeunaan *calistung* maca, nulis, jeung ngitung anu kabeh ge mangrupa kamampuh/modal dasar siswa pikeun diajar satuluyna.

3. MACA

Aya opat hal anu baris dipedar dina aspek maca nyaeta 1) wangenan maca, 2) pentingna kaparigelan maca, 3) warna-warna maca, jeung 4) pangajaran maca.

3.1 Wangenan Maca

Loba pamadegan anu nyodorkeun wangenan maca. Upama dititinan, eta pamadegan-pamadegan teh nyoko kana dua hal. Kahiji, nyebutkeun yen maca teh mangrupa proses ngalisankeun basa tinulis. Ari nu kadua, nyebutkeun yen maca teh lian ti ngalisankeun oge mangrupa proses ngahartikeun atawa ngama'naan basa tinulis ku cara nyangkem, napsirkeun, ngajen, sarta mere reaksi kana gagasan-gagasan nu diebrehkeun dina wangun basa tinulis tea.

Ku kituna, bisa dicindekkeun yen maca teh mangrupa hiji proses ngalisankeun jeung ngahartikeun/ngama'naan basa tinulis ku cara nyangkem, napsirkeun, ngajen, sarta mere reaksi kana gagasan-gagasan nu diebrehkeun tina basa tinulis tea. Atawa bisa disebutkeun yen maca teh mangrupa kagiatan (proses) nu tujuanana pikeun nengetan maksud nu nulis, boh maksud nu nembrak (tersurat) atawa maksud anu nyamuni (tersirat).


Dina proses maca, diperlukeun ayana kadariaan jeung katalitian. Ku sabab kiru, nu maca dipiharep pisan bisa nyangkem pangaweruh ngeunaan aspek wangun jeung harti basa anu dipake dina susunan kalimah. Jadi, bisa disebutkeun yen proses maca naon bae, moal bisa kaharti lamun nu macana teu wanoh kana kecap-kecap atawa basa tur harti/ma'na nu ngarojong eta bacaan. Tina katerangan di luhur, bisa dicindekkeun yen dina proses maca teh, nu maca kudu.(1) wanoh kana basa/kecap jeung (2) wanoh kana harti ma'na anu ngarojong eta kecap dina kalimah.

3.2 Pentingna Kaparigelan Maca


Kaparigelan maca teh mangrupa modal anu utama pikeun kahirupan sapopoe, boh di sakola, boh dina hirup kumbuh di masarakat. Siswa anu kurang parigel dina maca salilana bakal moal bisa nyangkem pangaweruh ngeunaan kecap-kecap atawa basa anu ngarojong dina kagiatan sawala, ngajawab pertanyaan-pertanyaan guruna jeung kamampuh nganalisis ajén-ajén anu aya dina bacaan. Nya kitu deui manusa, lamun hayang henteu ngalaman kasulitan dina hirup kumbuh di masarakat, nya kudu ngaluyukeun maneh jeung kamajuan zaman anu sarwa modern. Ieu hal teh moal bisa, lamun masarakat teu bisa maca.

3.3. Warna-warna Maca

Warna-warna maca teh bisa katitenan dina bagan saperti ieu di handap.



Aya deui pamadegan



3.4 Pangajaran Maca di Sakola Dasar

Aya genep kagiatan maca anu perlu diajarkeun di Sakola Dasar, nyaeta: 1) maca tehnik, 2) maca dina jero hate, 3) maca talaah basa, 4) maca buku pustaka, 5) maca gancang, jeung 6) maca estetis.

1) Maca Tehnik

Maca tehnik kaasup kagiatan maca bedas atawa maca nyoara. Dina kagiatan maca saperti kieu diperlukeun ayana (a) nu maca, (b) nu ngabandungan, jeung (c) bahan bacaan. Lian ti eta, dina maca tehnik oge diperlukeun (a) wanoh kana aksara jeung tanda-tanda baca, jeung (b) kaparigelan ngalisankeun bacaan. Kaparigelan anu kudu dilatih hususna di kelas hiji jeung kelas dua nyaeta dina ngalupalkeun atawa cara ngucapkeun hiji sora (kalimah), gancang jeung ancana maca, katut bentes henteuna sora.

2) Maca dina Jero Hate

Maca dina jero hate kacida pentingna. Ampir kabeh kagiatan maca dina kahirupan sapopoe teh maca dina jero hate, iwal budak anu can lancar macana.

Waktu maca dina jero hate, nu maca ngagunakeun panon jeung pikiran. Hal ieu teh rada hese pikeun barudak sakola dasar mah. Ku kituna, aya hal-hal penting anu kudu diperhatikeun ku guru nalika muridna maca dina jero hate.

- 1) biasakeun teu make sora (ulah haharewosan atawa kunyam-kunyum deuih).
- 2) biasakeun museurkeun ingetan kana bacaan.
- 3) biasakeun nyaritakeun atawa nuliskeun deui eusi bacaan.

3) Maca Talaah Basa

Maca talaah basa kaasup kana maca dina jero hate. Pangajaran maca talaah basa ieu geus mimiti diajarkeun di kelas tilu. Tujuanana nyaeta:

- a) nambahan pangaweruh kabeungharan kecap;
- b) nambahan pangaweruh dina cara ngantetkeun kecap (morfologi);
- c) nambahan pangaweruh dina tata cara ngawangun kalimah;
- d) nambahan pangaweruh ngeunaan cara nulis.

4) Maca Pustaka

Maca pustaka ngandung harti maca bahan-bahan bacaan nu aya di perpustakaan. Mangpaatna pangpangna pikeun ngajem-baran wawasan murid sarta nimbulkeun rasa estetis, ku cara maca bacaan-bacaan sastra. Jadi, maca pustaka teh bisa dihiji-keun jeung maca estetis, tapi tangtu wae kudu milih tempat anu merenah ulah nepi ka ngaganggu batur anu keur maca.

5) Maca Gancang

Maca gancang bisa diasupkeun kana maca dina jero hate. Tujuanana nyaeta sangkan bisa maca bahan bacaan anu loba dina waktu anu sakeudeung ban jeung ngarti kana naon anu dibacakeunana.

Maca saperti kieu teh biasana digunakeun pikeun neangan judul anu dipikahayang (dina koran, majalah, daftar eusi buku), neangan jejer caritaan dina hiji bacaan, jst.

6) Maca Estetis

Pangajaran maca estetis dimimitian di kelas tilu. Maca estetis leuwih raket hubunganana jeung rasa kaendahan, rasa sedih, rasa waas, rasa kagagas, jsb.

Di handap ieu ditulis SK jeung KD pangajaran maca di sakola dasar.

Kelas	Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
1	1.3 Mampu memahami dan menanggapi tulisan dengan membaca kata-kata lepas, kalimat lepas, dan paragraf pendek.	1.3.1 Membaca kata-kata lepas yang mengandung kata asal dwisuku (dua <i>engang</i>) 1.3.2 Membaca kalimat lepas dua kata 1.3.3 Membaca kalimat lepas tiga kata 1.3.4 Membaca paragraf pendek tig kalimat
2	2.3 Mampu memahami dan menanggapi bacaan dengan membaca nyaring, membaca/menembangkan kakawihan, dan dongeng.	2.3.1. Membaca nyaring (<i>bedas</i>) deskripsi 2.3.2 Membaca bersuara (<i>nyoara</i>) eksposisi 2.3.3 Membaca/menembangkan <i>kakawihan</i> 2.3.4 Membaca dongeng
3	3.3 Mampu memahami dan menanggapi bacaan melalui membaca dalam hati dan membaca nyaring.	3.3.1 Membaca dalam hati karangan eksposisi 3.3.2 Membaca nyaring karangan deskripsi 3.3.3 Membaca nyaring (<i>maca bedas</i>) puisi

		3.3.4 Membaca nyaring carita pondok.
4	4.3 Mampu memahami dan menanggapi bacaan melalui membaca cepat, teks percakapan, carita pondok, dan guguritan.	4.3.1. Membaca cepat 4.3.2 Membaca teks percakapan 4.3.3 Membaca carita pondok 4.3.4 Membaca <i>guguritan</i>
5	5.3 Mampu memahami dan menanggapi bacaan melalui membaca dalam hati dan membaca nyaring.	5.3.1 Membaca dalam hati bahasan 5.3.2 Membaca nyaring sajak 5.3.3 Membaca carita pondok
6	6.3 Mampu memahami dan menanggapi bacaan melalui membaca sekilas (<i>skimming</i>), membaca cepat, dan membaca intensif.	6.3.1 Membaca sekilas 6.3.2. Membaca cepat 6.3.3 Membaca intensif.

4. NULIS

Aya lima hal anu baris dipedar dina hal nulis: 1) harti nulis, 2) fungsi nulis, 3) tujuan nulis, 4) rupa-rupa tulisan, jeung 5) pangajaran nulis di Sakola Dasar.

4.1. Harti Nulis

Nulis mangrupa kamampuh makena basa dina wangun tinulis. Tina ieu wangenan ge geus ebreh yen nulis teh mangrupa hiji kagiatan produktif aktif.

Naurutkeun LBSS (1985: 50), nulis nyaeta nyieun aksara atawa angka dina keretas jst, ku parantina. Hal ieu teh luyu jeung pamadegan Tarigan (1983:21) yen nulis teh mangrupa kagiatan ngagambarkeun lambang-lambang grafik dina wangun basa nu pikahartieun

4.2. Fungsi Nulis

Nulis mangrupa salah sahiji kagiatan produktif aktif, atawa bisa oge disebutkeun yen nulis teh mangrupa kagiatan ngebrehkeun eusi hate jeung pikiran ka nu sejen ku basa tinulis. Dina kaparigelan ieu, fungsi utamana nyaeta pikeun pakakas komunikasi anu henteu langsung.

Ieu kagiatan nulis teh kacida pentingna pikeun dunya atikan, sabab ku nulis bisa mantuan siswa mikir kritis, bisa ngagam-pangkeun matalikeun hubungan-hubungan, bisa nimbulkeun ayana daya persepsi nu jero, bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan, sarta bisa nyusun sauntuyan pangalaman. Tulisan bisa ngajentrekeun pamikiran-pamikiran nu aya dina diri nu nulis.

4.3 Guna Nulis

Kauntungan nulis teh nyaeta:

- 1) nu nulis bisa nyaho kana kamampuh nulisna sorangan;
- 2) mi nulis bisa mekarkeun ide-ide/gagasan-gagasanana;
- 3) nu nulis kalatih dina neangan informasi nu saloba-lobana; nu nulis bisa ngajentrekeun masalah-masalah nu can jentre; nu nulis bisa ngajen kana pamanggih-pamanggih pama-degan jalma sejen ku cara objektif;
- 4) nu nulis bakal leuwih gampang ngungkulan masalahna lan-taran geus nembrak (ditulis);
- 5) nu nulis bakal leuwih kadorong pikeun diajar leuwih aktif-kreatif;
- 6) nu nulis bakal kalatih mikir kritis tur ngagunakeun basa anu puguh entep seureuhna.

4.4 Rupa-Rupa Tulisan

Nurutkeun eusina, tulisan teh dibagi jadi opat: (1) narasi, (2) deskripsi, (3), eksposisi, jeung (4) argumentasi.

(1) Narasi

Narasi nyaeta tulisan atawa karangan anu eusina ngebrehkeun lumangsungna peristiwa atawa kajadian, boh nyata, boh rekaan. Contona: dongeng, novel, carita pondok, biografi, sketsa, jste.

(2) Deskripsi

Deskripsi nyaeta tulisan atawa karangan anu eusina nga-dadarkeun atawa ngebrehkeun kagiatan indra (panempo, pa-nguping, pangrasa, panyabak, pangambeu) minangka hasil pa-ngalamanana. Karangan deskripsi ngagambarkeun objek sajentre-jentrena.

(3) Eksposisi

Eksposisi nyaeta tulisan atawa karangan anu eusina nga jentrekeun atawa nerangkeun hiji objek, kumaha prosesna, tujuanana, pikeun ngajembaran pangaweruh hiji jalma.

(4) Argumentasi

Argumentasi nyaeta tulisan atawa karangan anu eusina ngajentrekeun bener henteuna hiji perkara dumasar kana alesan nu kuat nepi ka jalma lian yakin tur percaya kana pamadegan anu disodorkeunana.

4.5 Tahap-tahap Nulis

Tahap nulis teh aya dua. Kahiji, tahap nandeskeun ide. Kadua, tahap nuliskeun ide.

a. Tahap Nandeskeun Ide

Dina ieu tahap aya lima langkah anu kudu digarap.

1) *Milih topik*

Topik nyaeta bahan picariteun, bahan tuliskeuneun.

2) *Nangtukeun topik nu spesipik*

Supaya topik nu dipilih ulah lega teuing ambahanana. Aya sawatara cara anu bisa dipake. Eta cara teh bisa disingget jadi *PUSAT-B*.

-P (ungsi) ngan dicaritakeun fungsina

-U (ntung rugina) ngan dicaritakeun untung rugina, hade gorengna

-S (ajarah) ngan dicaritakeun teh sajarah, asal usul riwayat, kasang tukang, sabab musababna wungkul.

-A (ya) ngan dicaritakeun teh kaayaanana, faktana wungkul

-T(ipe) ngan dicaritakeun teh tipena wungkul.

B (ener henteuna) ngan dicaritakeun teh bener henteuna wungkul.

3) *Nangtukeun tujuan jeung wangun karangan*

Tujuan ngarang teh aya tilu rupa:

(1) mere nyaho/informasi ka nu macana

(2) ngahudang rasa ka nu macana

(3) mere nyaho jeung pikeun ngahudang rasa ka nu macana.

Lamun tujuan ngarang pikeun ngahudang rasa ka nu macana nu cocog teh upamana wae esei, ulasan, laporan, jsté. Upama tujuanana ngahudang rasa, wangun karanganana bisa carpon, sajak, novel, jsté. Tapi, lamun tujuanana campuran, wangun .karangan nu cocog bisa biografi atawa otobiografi.

4) *Nangtukeun approach atawa pamarekan*

Dina nulis bisa digunakeun pamarekan faktual atawa pamarekan imajinatif atawa bisa bae campuran faktual-imajinatif.

5) *Nyieun rangkay karangan*

Rangkay karangan nu umum ngawengku bubuka, eusi, jeung panutup.

b. Tahap nuliskeun ide

Aya opat hal nu kudu dipilampah dina tahap nuliskeun ide.

(1) Kudu bisa ngamimitian nulis

Aya pituduh pikeun ngagampangkeun ngamimitian nulis. Eta pituduh teh disingget jadi *TOP KUAT*.

T (esis) ; mimiti nulis ku cara ngebrehkeun tesis, pamanggih.

O (mongan); mimiti nulis dibuka ku omongan, dialog, paguneman.

P (aripolah); mimiti nulis dibuka ku paripolah, tingkah laku, action.

K (uriositas); mimiti nulis nyodorkeun hal-hal anu matak ngahudang kapanasaran.

U (ngkapan); mimiti nulis ku ngebrehkeun ungkapan, babasan, atawa paribasa.

A (nekdot); mimiti nulis ku cara ngebrehkeun anekdot, kutipan pangalaman.

T (anya), mimiti nulis ku cara nyodorkeun pertanyaan

(2) Nu nulis kudu maher ngawangun paragraf

Paragraf mangrupa wangun basa nu leuwih lega batan kalimah. Ku kituna, biasana paragraf diwangun ku sawatara kalimah. Kalimah-kalimah dina hiji paragraf kudu mangrupa beungkeutan anu gembleng, nu silih lengkepan enggoning ngebrehkeun hiji poko pikiran.

(3) Nu nulis kudu parigel mungkaskeun karangan

Sanggeus paragraf-paragraf disusun, nu nulis dipiharep mungkaskeun karanganana. Aya sawatara cara mungkaskeun karangan, di antarana: paragraf pamungkas mangrupa ringkesan ide-ide poko atawa argumen-argumen nu geus disodorkeun paragraf pamungkas mangrupa ebrehan harepan pangarang. paragraf pamungkas mangrupa klimaks (upama nu ditulis mangrupa carita). paragraf pamungkas mangrupa kalimat anu ngebrehkeun yen eta pagawean teh geus rengse (lamun karangan paparan)

(4) Nu nulis tapis nyieun judul

Judul mangrupa titel, label, merk atawa ngaran karangan. Ku kituna, judul karangan teh kudu ngahudang kapanasaran ka nu maca. Lian ti eta, judul teh kudu singget tur eces deuih.

3.6. Pangajaran Nulis di Sakola Dasar

Upama dititinan, pangajaran nulis teh geus dibikeun di kelas I keneh tapi tingkatanana diluyukeun jeung kamampuh murid. Di handap ieu diebrehkeun SK jeung KD pangajaran nulis di sakola dasar.

Kelas	Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
I	1.4 Mampu menulis atau menyalin huruf lepas, suku kata (engang), dan kalimat sederhana.	1.4.1 Menyalin huruf lepas 1.4.2 Menyalin suku kata (engang) 1.4.3 Menyalin kata dwisuku 1.4.4 Menyalin kata trisuku 1.4.5 Menyalin kalimat sederhana.
2	2.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dengan menulis, menyusun, dan menyempurnakan kalimat serta menyalin paragraf pendek.	2.4.1 Menulis kalimat berhuruf kapital 2.4.2 Menulis/menyalin kalimat sederhana 2.4.3 Menyusun kalimat sederhana 2.4.4 Menyempurnakan kalimat dengan Menggunakan tanda koma dan tanda titik 2.4.5 Menyalin paragraf pendek.
3	3.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam menulis kalimat dan paragraf pendek.	3.4.1 Menulis kalimat berita (<i>kalimat wawaran</i>) 3.4.2 Menulis kalimat luas (<i>kalimat jembar</i>) 3.4.3 Menulis kalimat tanya (<i>kalimah pananya</i>) 3.4.4 Menulis kalimat perintah (<i>kalimah parentah</i>) 3.4.5 Menulis paragraf pendek dengan menggunakan ejaan
4	4.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis melalui menulis pengumuman, pengalaman, narasi, deskripsi, dan eksposisi.	4.4.1 Menulis pengumuman 4.4.2 Menulis pengalaman 4.4.3 Menulis narasi 4.4.4 Menulis deskripsi 4.4.5 Menulis eksposisi.
5	5.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam menyusun paragraf, meringkas bacaan, menulis surat, narasi, deskripsi, dan eksposisi.	5.4.1 Menyusun paragraf 5.4.2 Meringkas bacaan 5.4.3 Menulis surat 5.4.4. Menulis narasi 5.4.5 Menulis deskripsi 5.4.6 Menulis eksposisi.
6	6.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam mengisi formulir, melengkapi karangan, menulis kejadian, berita, riwayat hidup, dan pidato.	6.4.1 Mengisi formulir 6.4.2 Melengkapi karangan 6.4.3 Menuliskan kejadian 6.4.4 Menuliskan berita 6.4.5 Menulis <i>riwayat hirup</i> 6.4.6 Menulis pidato (<i>biantara</i>)

5. MODEL PANGAJARAN *CONTEXTUAL TEACHING LEARNING* (CTL) DINA NGAJARKEUN KAPARIGELAN NGAGUNAKEUN BASA

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Satuan Pendidikan: SD/MI
Mata Pelajaran: Basa dan Sastra Sunda
Kelas/Semester: V/ 2
Alokasi Waktu: 2x 40 menit (2 pertemuan)

Standar Kompetensi:

5.1 Mampu memahami dan menanggapi wacana lisan melalui menyimak penjelasan, pesan, dan dongeng.

5.2 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam mendeskripsikan, berwawancara, berpendapat, menanggapi, menyimpulkan, dan memerankan.

5.3 Mampu memahami dan menanggapi bacaan melalui membaca dalam hati dan membaca nyaring.

5.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam menyusun paragraf, meringkas bacaan, menulis surat, narasi, deskripsi, dan eksposisi.

Kompetensi Dasar:

5.1.1 Menyimak penjelasan dari nara sumber
5.1.3 Menyimak dongeng

5.2.2 Berwawancara dengan nara sumber
5.2.3 Menyampaikan pendapat tentang persoalan faktual
5.2.4 Menanggapi suatu persoalan atau peristiwa
5.2.5 Menyimpulkan isi percakapan

5.3.1 Membaca dalam hati bahasan
5.3.3 Membaca carita pondok

5.4.1 Menyusun paragraf
5.4.2 Meringkas bacaan
5.4.4. Menulis narasi
5.4.5 Menulis deskripsi

Indikator:

Setelah melakukan pembelajaran, siswa diharapkan mampu:

1. menjawab pertanyaan tentang isi bacaan.
2. membuat ringkasan isi bacaan.
3. menceritakan kembali isi bacaan kepada temannya secara berpasangan dalam kelompok.
4. menulis karangan secara kolaboratif dalam kelompok sesuai dengan bentuk karangan yang dibacanya.

I. TUJUAN PEMBELAJARAN: Siswa mampu menjawab pertanyaan tentang isi bacaan, membuat ringkasan isi bacaan, menceritakan kembali isi bacaan kepada temannya secara berpasangan dalam kelompok, dan menulis karangan secara kolaboratif dalam kelompok sesuai dengan bentuk karangan yang dibacanya.

II. MATERI AJAR:

Narasi, deskripsi, dongeng, jeung paguneman

III. DESAIN PEMBELAJARAN:

A. Model pembelajaran: CTL

B. Metode pembelajaran: diskusi kelompok, tanya jawab, *review*, dan penugasan.

III. KEGIATAN PEMBELAJARAN

No.	Kegiatan	Waktu
1.	<p>Apersepsi</p> <ul style="list-style-type: none"> - Guru menanyakan kembali pemahaman siswa tentang jenis-jenis karangan yang pernah dipelajarinya. - Guru meminta siswa memberikan contoh jenis-jenis karangan yang pernah dipelajarinya. 	10 menit
2.	<p>Kegiatan inti</p> <ul style="list-style-type: none"> - Guru membagi siswa ke dalam 4 kelompok. - Guru membagikan wacana kepada setiap kelompok (kelompok 1 wacana 1; kelompok 2 wacana 2; kelompok 3 wacana 3; dan kelompok 4 wacana 4) - Guru meminta setiap kelompok siswa untuk membuat paling sedikit 5 pertanyaan tentang isi wacana yang dibacanya serta kunci jawabannya. - Kelompok ganjil dan genap berpasang-pasangan untuk memceritakan wacana yang dibacanya. - Kelompok ganjil mengajukan pertanyaan ke kelompok genap dari soal-soal yang sudah dibuatnya. - Guru meminta setiap kelompok untuk kembali ke kelompoknya masing-masing dan menyuruh setiap kelompok menulis kolaboratif sesuai dengan model tulisan yang dibacanya sehingga terwujud empat karangan yang berbeda. 	50 menit
3.	<p>Penutup</p> <ul style="list-style-type: none"> - Siswa mempresentasikan tulisan kolaboratifnya di depan kelas. - Guru memberi klarifikasi bila ada pertanyaan yang belum terjawab dan atau hal-hal yang perlu diperbaiki dari tulisan siswa (melalui tanya jawab). - Secara individu, siswa diminta membuat refleksi (baik secara konseptual maupun pendapat) tentang kegiatan pembelajaran ini. 	20 menit

IV. MEDIA PEMBELAJARAN

- Buku pangajaran Basa Sunda
- Wacana 1. Masarakat Kampung Naga
 2. Mundinglaya Di Kusumah
 3. Kuda jeung Kalde
 4. Lebaran di Lembur Aki

V. EVALUASI/PENILAIAN

- Portofolio hasil diskusi, baik secara kelompok maupun hasil refleksi individual.

- *Performance assessment* siswa khususnya untuk keterampilan berkomunikasi, mengungkapkan pendapat/gagasan, mengajukan pertanyaan, dan menjawab pertanyaan.

6. SUMBER BACAAN

Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. 2007. "Panduan Penyusunan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan." Disdik Prov. Jabar.

Suriamiharja, Agus, Yayat Sudaryat, & Nunuy Nurjanah. 1996. *Bahan Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda*. Dinas P dan K Propinsi Dati I Jawa Barat.

5 MODEL PANGAJARAN KOMPONEN BASA

5.1. Model Pangajaran Maca Kelas IV Cawu 1

A. Tema Pembelajaran:

Subtema:

Topik: Pembelajaran: Lingkungan Hidup Lingkungan Masyarakat
Masyarakat Kampung Naga Membaca dan memahami isi bacaan serta
mengkomunika-

Mata Pelajaran:

Pokok Bahasan:

Kelas:

Catur Wulan:

Waktu:

sikannya secara lisan dan tertulis

Basa Sunda

Maca

IV

1

2 jam pelajaran

I. Tujuan Pembelajaran Umum:

Siswa mampu membaca dan memahami isi bacaan serta mampu mengkomunikasikannya.

II. Tujuan Pembelajaran Khusus:

1. Siswa dapat menjawab pertanyaan tentang isi bacaan " Masyarakat Kampung Naga."
2. Siswa dapat membuat ringkasan isi wacana.
3. Siswa dapat menceritakan kembali isi cerita di depan kelas.

Maca

1. *Baca ku hidep dina jero hate wacana ieu di handap sing daria!*

Masyarakat Kampung Naga

Di Tasikmalaya di Desa Neglasari *Kacamatan* Salawu, aya hiji lembur *kacida nenggangna* ti lembur sejen. Eta *lembur* teh *katelahna* Kampung Naga.

Pernahna ti jalan gede teh rada *anggang*, aya kana lima ratus meterna. Jalanna leutik, rada nanjak, *disengked* deuih. Imah-imahna parentul, padeukeut. *Hateup* imahna tina injuk, *bilikna* tina awi, henteu ditembok, da kabehanana imah panggung. *Potongan* imahna sarua, suhunan panjang, capit gunting. Di luar-eun pager aya lisung, paranje, jeung balong. Caina make pancur-an ngagolontor.

Urang Kampung Naga agamana Islam. Kaislamanana loba kapangaruhan ku *kabudayaan* jeung adat istiadat *titinggal* ka-ruhun. Loba upacara adat jeung *pacaduan* anu sabenerna euweuh dina agama Islam mah.

Data sajarah Kampung Naga ditulis dina basa Sansekerta. Hanjakal pisan eta data sajarah teh *kiwari* mah geus leungit, kaduruk *waktu* bumi ageung diduruk ku gorombolan DI taun 1956. Bumi Ageung teh imah pusaka. Wangunanana leutik, paranti *nyimpen barang pusaka*, kayaning keris, tumbak, jeung parabol sejenna paranti upacara adat atawa agama. Eta bumi Ageung teh ditungguan ku *awewe* umuran.

Di luar oge aya imah deuih, paranti urang Naga *nganjrek*, anu bubuara di *wewengkon* sejen, disebutna warga Sanaga. Warga Sanaga leuwih maju batan warga Kampung Naga, sabab geus kapangaruhan ku kabudayaan *modern* ti luar. Atuh teu saeutik anggota *warga* Sanaga anu geus jadi sarjana dina rupa-rupa widang paelmuan.

2. *Pigawe ku hidep pancen ieu di handap!*

a. Dina bacaan di luhur aya kecap-kecap anu dicondongkeun nyitakna. Teangan ku hidep hartina dina kamus terus larapkeun kana kalimah.

b. Jawab pertanyaan ieu di handap!

(a) Di mana maratuhna masarakat Kampung Naga teh?

(b) Kumaha kaayaan imah-imahna teh?

(c) Aya naon cenah di luareun pager teh. Cing pek ku hidep tataan!

(d) Ari warga Sanaga di mana maratuhna teh?

(e) Naon bedana kahirupan warga Sanaga jeung masarakat Kampung Naga teh?

- c. Jieun ku hidep ringkesan wacana di luhur, terus baca di hareupeun kelas.
- d. Bacaan di luhur teh pek ku hidep caritakeun deui di hareupeun kelas!

3. Evaluasi

Dumasar kana pancenjeung pertanyaan-pertanyaan di luhur, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun dina mere peunteun kamaheran maca wacana "Masarakat Kampung Naga".

- a. Pariksa bener henteuna para siswa dina nafsirkeun jeung maham kecap-kecap sulit nu aya dina wacana ku cara make kamus (bisa make LKS).
- b. Pariksa keuna henteuna, bener henteuna jawaban siswa kana pertanyaan nomer (a), (b), (c), (d), jeung (e).
- c. Meunteun kamaheran siswa dina nyieun ringkesan eusi bacaan. Butir-butir anu dipeunteunna nyaeta:
 - (a) cocog henteuna eusi ringkesan bacaan;
 - (b) sistematika nulis:
 - (c) cara make basa,
 - ejaman jeung tanda baca,
 - pilihan kecap,
 - adegan kalimah,
 - (d) tulisanana beresih, kabaca atawa henteu.
- d. meunteun kamaheran siswa dina palebah nyaritakeun deui eusi bacaan di hareupeun kelas. Butir-butir anu dipeunteun nyaeta:
 - (a) bener henteuna eusi ringkesan bacaan;
 - (b) sistematika nyarita;
 - (c) cara make basa:
 - pelapalan,
 - adegan kecap,
 - adegan kalimah.

Catetan

1. Pikeun mere peunteun bener henteuna siswa dina maham kecap-kecap sulit anu aya dina wacana bacaan, hadena mah disadiakeun kamus leutik anu medar

masalah harti eta kecap jeung conto makena atawa kateranganana, sarta Lembar Kegiatan Siswa (LKS).

2. Bahan kajian kandaga kecap jeung struktur anu henteu kapedar dina pangajaran maca bisa dimekarkeun deui dina pembelajaran pemahaman jeung penggunaan kandaga kecap atawa struktur.

4.5.2. Model Pangajaran Ngaregepkeun

Kelas IV Cawu 1 A. Tema pembelajaran Pembelajaran:

Topik:

B. Mata Pelajaran : Pokok Bahasan: Kelas:

Catur Wulan: Waktu:

Bebas

Menyimak dan membaca

karya sastra (carita pantun)

serta mencatat dan mencerita-

kan kembali isinya.

Menyimak cerita Pantun

Mundinglaya di Kusumah.

Bahasa Sunda

Ngaregepkeun

IV

1

2 jam pelajaran

I. Tujuan Pembelajaran Umum

Siswa mampu menyimak dan mengekspresikan karya sastra *buhun*.

II. Tujuan Pembelajaran Khusus:

1. Siswa dapat menangkap pesan dari cerita yang diba-canya.

1572. Siswa dapat membuat ringkasan isi cerita.

3. Siswa dapat menceritakan kembali cerita yang dibacanya.

Materi Ngaregepkeun

Pituduh:

(1) Sayagakeun situasi ngaregepkeun sing merenah.

(2) Wacana dibaca tilu kali: dibaca biasa (rancag), dibaca halon, jeung dibaca gancang.

(3) Komunikasikeun ka para siswa maksud jeung tujuan ngaregepkeun, luyu jeung pamekaran ngaregepkeun.\

1. *Regepkeun sing daria ieu wacana!*

Ibu/Bapa guru bakal maca ieu wacana tilu balikan

MUNDINGLAYA DI KUSUMAH

Aya hiji nagara, katelahna Pajajaran. Nagara beunghar, sagala nyampak. Rahayatna hirup senang. Raja Pajajaran dina mangsa harita katelahna Prabu Siliwangi. Ari prameswarina nyaeta Padmawati. Prabu Siliwangi teh raja anu adil. Ku rayatna dipihormat.

Sang prabu kagungan putra, jenenganana Mundinglaya di Kusumah, anu gagah tur sakti.

Padmawati ngimpen Lalayang Salaka Domas ti Jabaning langit. Eta impenan teh dicarioskeun ka Prabu Siliwangi. Sang Prabu enggal bae ngutus Mundinglaya supados angkat ka Jabaning Langit. Angkatna disarengan ku Gela Nyawang sareng Kidang Pananjung.

Samemeh angkat ka Jabaning Langit, Mundinglaya sindang heula ka Muara Beres. Anjeunna nepangan piistrieunana nu je-nengan Dewi Asri.

Lalayang Salaka Domas teh anu Curing Tujuh. Barang cunduk ka Jabaning Langit, atuh der bae perang. Mundinglaya dihurup ku Yaksa Mayuta, Jongrang Kalapitung, jeung Gu-riang Tujuh. Ahirna Mundinglaya unggul.

Mundinglaya mulang ti Jabaning Langit. Lalayang Salaka Domas disanggakeun ka ramana. Mundinglaya teras nikah ka Dewi Asri. Teu lami ti harita teras jeneng raja di Pajajaran, nga-gentos ramana.

2a. Diskusikeun jawaban pertanyaan ieu di handap ku kelompok hidep!

- (1) Nagara naon anu beunghar jeung sagala nyampak teh?
- (2) Saha rajana teh jeung saha deuih prameswarina?
- (3) Saha putrana teh, kumaha kaayaan putrana teh?
- (4) Naon pancen Mundinglaya di Kusumah ka Jabaning Langit teh?
- (5) Saha anu ngahurup Mundinglaya di Kusumah teh?
- (6) Lalayang Salaka Domas teh ku Mundinglaya dipasrah-keun ka saha?

2b. *Ayeuna prak ku hidep bacajero hate carita di luhur teh, tents pigawe pancen ieu di handap.*

(1) Eusi carita di luhur teh ku hidep kudu dijieun ring-kesanana.

(2) Caritakeun deui eusi carita di luhur teh ku hidep di hareupeun kelas!

Evaluasi

Dumasar kana pembelajaran jeung eusi pertanyaan di luhur, aya tilu hal anu perlu meunang perhatian dina mere peunteun kana kamaheran ngaregepkeun carita pantun *Mundianglaya di Kusumah*. Butir-butima nyaeta:

a. Keuna henteuna jawaban parasiswa kana pertanyaan nomer

(1), (2), (3), (4), (5), jeung (6). b.

b. Meunteun kamaheran siswa dina nyusun ringkesan atawa rangkuman carita sabada maca wacana. Butir-butir anu dipeunteunna nyaeta:

(a) luyuhenteunajeungeusi carita;

(b) sistematika nulis;

(c) cara make basa: ejahan jeung tanda baca pilihan kecap adegan kecap adegan kalimah;

(d) tulisanana beresih atawa henteu.

c. Meunteun kamaheran siswa dina palebah nyaritakeun deui eusi wacana regepan, sanggeus eta wacana regepan dibaca di jero hate ku siswa. Butir-butir anu dipeunteunna nyaeta ngeunaan hal-hal saperti ieu di handap:

(a) luyu henteuna eusi;

(b) sistematika pembicaraan;

(c) cara makena basa:

-cara ngalalpalkeunana

- pilihan kecap

- adegan kecap

- adegan kalimah

(d) kalancaran nyarita.

5.3. Model Pangajaran Nulis

Kelas IV, Cawu 2

Tema Pembelajaran: Sastra

Subtema : Dongeng Sasakala

Topik/Poko Bahasan : Menulis cerita hasil bacaan dan simakan

Kelas : IV

Caturwulan : IV

Waktu: 2 jam

B. Mata Pelajaran: Bahasa Sunda

Poko Bahasan: Menulis/Nulis (Reproduksi Cerita)

I. Tujuan Pembelajaran Umum

Siswa memiliki kegemaran membaca dan menulis, baik fiksi maupun nonfiksi.

II. Tujuan Pembelajaran Khusus

1. Siswa dapat memahami isi bacaan dengan baik.
2. Siswa dapat memproduksi (mengarang kembali) dongeng sasakala dengan kata-kata sendiri.

Materi Nulis

- a. *Baca sing daria dongeng sasakala ieu di handap. Macana bisa dua atawa tilu balikan. Sanggeus macana rengse, tutup bukuna, terus ku hidep karang/tulis deui eta dongeng sasakala teh dina buku catetan.*

KUDA JEUNG KALDE

Aya hiji sudagar kacida beungharna. Hiji mangsa manehna indit ka hiji nagara, mawa kuda, kalde, jeung barang da-ganganana. Dagangan anu sakitu lobana teh diakut ku kalde. Ari kudu mah lengoh bae, teu dimomotan barang, sabab sudagar teh kacida nyaaheunana ka kuda mah. Atuh komo bae kalde teh beurateun mundak dagangan.

Beuki jauh gandongan teh beuki beurat bae karasana ku kalde. Kawuwuh kalde teh gering deuih. bakat ku cape jeung beurat, pok kalde teh nyarita ka kuda. "Beurat teuing babawaan teh. Ieu tonggong asa peunggas. Tulungan atuh. Urang bagi dua bae mawa barang teh!," ceuk kalde. "Kuring teh gering, lamun teu ditulungan mawa barang, tangtu kuring bakal leuwih ripuh teu kabawa." ceuk kalde.

Ngadenge pamenta kalde kitu, kuda teh kalah ka jejebris. Nolak pamenta kalde.

Kalde teh ngahuleng. Sukuna ngageter. Bru nambru, hos paeh. Ku sabab kaldena paeh, atuh muatan barang anu sakitu lobana teh dipindahkeun kana tonggong kuda, sakalian jeung bangke kalde.

"Hina temen kalakuan aing," ceuk kuda, "ku sabab aing nolak pamenta kalde, ayeuna kapaksa barang dagangan jeung bangke kalde diangkut dina tonggong aing." Beurat-beurat oge kuda kapaksa narima kana kadar.

b. Aktivitas Pembelajaran

- (a) Maca dongeng sasakala kalawan taliti.
- (b) Nyatet kecap-kecap sulit
- (c) Nanyakeun ka guru ngeunaan harti kecap-kecap sulit atawa ngagunakeun kamus maluruh harti kecap-kecap sulit.
- (d) Nyatet palaku, galur carita, tempat, kajadian-kajadian penting, waktu kajadian, jsté.
- (e) Nyieun rangkay galur dongeng.
- (f) Maca deui dongeng karangan siswa hareupeun kelas.

Evaluasi

Padoman evaluasi reproduksi carita (nyieun deui karangan) nyaéta saperti ieu di handap.

- (a) Mangrupa karangan siswa.
- (b) Relevan jeung judul eusi karangan.
- (c) Tanda baca jeung ejamanana.
- (d) Pilihan kecap.
- (e) Adegan kecap, kalimah, jeung paragraf.
- (f) Adegan karangan (galur).

(g) Eusi karangan.

(h) Tulisanana beresih, bisa dibaca.

162

5.4. Model pangajaran Nyarita Kelas IV Cawu 2

A. Tema pembelajaran Kaagamaan

Subtema : Berbagai kegiatan dalam memperingati hari besar ke-agamaan

Topik : Lebaran di Lembur Aki

Pembelajaran : Bercakap-cakap tentang pengalaman

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda

B. Pokok Bahasan Nyarita (berbicara

Kelas: IV

Catur Wulan : 2

Waktu: 2 jam pelajaran

I. Tujuan Pembelajaran Umum :

Siswa mampu mengemukakan pendapat dan pengalaman-nya secara lisan.

//. Tujuan Pembelajaran Khusus:

1. Siswa dapat berkomunikasi dengan teman-temannya tentang pengalamannya.
2. Siswa dapat mengemukakan pendapat, gagasan, saran, dan pengalaman dalam sebuah pembicaraan.
3. Siswa dapat membuat ringkasan tentang isi pembicaraannya.
4. Siswa dapat menceritakan kembali isi pembicaraan itu di depan kelas.
5. Siswa dapat mengidentifikasi dan menggunakan kata-kata dan kalimat-kalimat sulit (khas) yang terdapat dalam wacana pembicaraan.

Materi Nyarita

1. *Ieu di handap paguneman Amir, Aman, jeung Arts. Baca ku hidep sing alus lentongna, terus praktekkeun pagunemanana.*

LEBARAN DI LEMBUR AKI

- Aman: "Aeh, aeh. Geuning Anis. Ti mana bae ari Anis, mani ngempleng, tevi ulin-ulin ka dieu."
- Anis: "Haar! Ari Aman, Apan Anis teh kakara mulang ti Cicalengka, ngadon lebaran di bumi Aki."
- Aman: "Meh bae poho. Minal Aidzin Walfaidzin, hampura Nis. Aman rumaos loba dosa. Sigana mah loba keneh nya kakaren lebarana teh?"
- Anis: "Sawangsulna, Anis oge loba dosa ka Aman teh. Urang pada silih hampura bae, supaya bebas. Kakaren lebaran mah aya keneh. Pamahaman Aki. Aya opak, ranginang, ulen, wajit, borondong, ampeang, awug, jeung bubuahan deuih."
- Amir: "Amir ge sami Nis, hampura nya."
- Anis: "Sami-sami. Urang silih lubarkeun bae ayeuna mah."
- Aman: "Sabaraha poe Anis di Cicalengka teh?"
- Anis: "Teu lila, ngan tilu poe. Poean kahiji mah teu kama-mana, da cape. Puasa keneh deuih. Peuting takbiran mah rame di masjid teh. Nu keur takbir raeng. Kadaharan ngaleuyah. Dulag ngadurdur. Di buruan masjid barudak recet arulin. Dina poean lebaran mah meh bae Anis teh kamerekaan, loba teuing barangdahar."
- Amir: "Di Bandung mah solat led teh di lapangan. Bada solat, terus bubar, baralik ka imahna masing-masing. Aya eta oge anu silaturahmi jeung tatangga deukeut atawa jeung dulur anu dareukeut bae."
- Aman : "Hanjakal, mun urang milu ka Cicalengka mah meu-

reun resep.

Anis : "Yu ka imah urang heula! Sakalian urang muni kakaren lebaran, da loba keneh."

2. *Aktivitas Pembelajaran*

- a. Contoan cara maca paguneman, boh ku guru boh ku siswa.
- b. Para siswa ngayakeun demonstrasi paguneman, aya anu minangka Aman, Amir, jeung Anis. Bagilir nepi ka lancar.
- c. Para siswa ngajawab pertanyaan, ngasongkeun pamang-gih, gagasan, jeung pangalaman ngeunaan eusi paguneman.
- d. Para siswa dibagi sababaraha kelompok. Unggal kelompok dipapancenan nyieun ringkesan eusi paguneman.
- e. Wakil kelompok siswa nyaritakeun deui eusi paguneman di hareupeun kelas.
- f. Para siswa ngaidentifikasi jeung latihan ngagunakeun/ make kecap-kecap atawa kalimah anu has dina eta paguneman.

3. *Jawab pertanyaan ieu di handap!*

- a. Saha palaku paguneman teh?
- b. Naon bae anu dicaritakeun ku Aman, Amir, jeung Anis dina eta paguneman teh?
- c. Cing pek ku hidep caritakeun pangalaman Anis kana lebaran di lembur akina!
- d. Naon bedana lebaran di lembur jeung lebaran di kota?
- e. Kumaha pangalaman hidep basa lebaran taun ieu?
- f. Jieun ringkesan eusi paguneman di luhur, terus caritakeun deui ku hidep di hareupeun kelas.

4. *Larapkeun kecap-kecap ieu dina kalimah!*

- a. aeh-aeh
- b. hanjakal
- c. lakadalah
- d. boa-boa
- e. harianeun
- f. ngiring sedih

- g. behna mah
- h. astagfirullah
- i. iyy
- j. merengut
- k. alhamdulillah
- l. atuh da
- m. geuning
- n. paingan
- o. singhoreng
- p. pilakadar

Evaluasi

Dumasar kana pertanyaan di luhur, aya sababaraha anu perlu diperhatikeun waktu meunteun paguneman/nyarita.

Butir-butirna :

- a. Keuna-henteuna, bener-henteuna jawaban siswa kana pertanyaan nomer (a), (b), (c), (d), (e), jeung (f).
- b. Meunteun kamaheran siswa dina nyieun deui nngkesan eusi paguneman. Butir-butirna:
 - (a) bener henteuna eusi;
 - (b) sistematika nulis;
 - (c) cara make basa:
 - ejaman jeung tanda
 - pilihan kecap
 - adegan kecap
 - adegan kalimah;
 - (d) tulisanana beresih, kabaca atawa henteu.
- c. Meunteun kamaheran siswa paiebah nyaritakeun deui eusi paguneman di hareupeun kelas. Butir-butirna:
 - (a) bener henteuna eusi;
 - (b) sistematika nyarita;
 - (c) cara make basa:
 - pelapalan
 - pilihan kecap;

- adegan kecap;

166

- adegan kalimah.

(d) tulisanana beresih, kabaca atawa henteu.

d. Meunteun kamaheran siswa dina ngalaksanakeun paguneman. Butir-butirna;

(a) pelapalan;

(b) intonasi;

(c) pilihan kecap;

(d) adegan kecap jeung kalimah;

(e) sistematika nyarita;

(f) eusi paguneman

(g) cara muka jeung mungkas paguneman; (h) tagog nyarita.

e. Tengetan cara para siswa make kecap-kecap